

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Data jeung Sumber Data

Data ieu panalungtikan nya éta kalimah ébréhan anu dianalisis tina segi fungsi jeung wanda. Éta data kalimah dijaring tina sababaraha data. Sumber data nya éta subjék di mana data dimeunangkeun. Sumber data bisa mangrupa dokuméntasi, nya éta sumber data nu nyadiakeun tanda-tanda dina wangun huruf, angka, gambar, atawa lambang-lambang lianna. Jadi lamun panalungtik ngagunakeun dokuméntasi, mangka dokumén atawa catetan nu jadi sumber data, ari eusi catetan disebutna téh subjék atawa variabel panalungtikan (Arikunto, 2010: 172).

Dumasar kana katerangan di luhur, anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri. Ieu novél téh médal dina taun 1985, dikaluarkeun ku Rahmat Cijulang nu perenahna di Bandung. Ieu novél anu kandelna 124 kaca, boga ukuran 17,5 cm x 12 cm x 0,6 cm téh kungsi meunang panglélér ti IKAPI Jabar dina taun 1967.

Dina jilid luarna, aya ilustrasi gambar hiji lalaki anu ngagolér dina parahu. Warna nu digunakeun dina éta sampul novél lolobana warna hideung, kitu ogé warna hideung dipaké keur ngagambarkeun keusik jeung parahu, sedengkeun warna jelema nu aya dina éta parahu maké warna héjo. Cai diilustrasikeun ku warna biru. Ari tulisanna mah maké warna biru jeung héjo anu dilataran ku warna konéng. Di tukangeun novél, aya foto jeung data singget pangarang.

Lebah jerona, dina ieu novél diwengku ku sababaraha sub judul, di antarana: Lalampahan ka Pangandaran, Kanceuh, Diontrog, Mayit dina Parahu, Papanggihan, Néangan Raratan, jeung Kaméja Léter L. Sacara gurat badag, eusi novél mangrupa novél misteri anu nyaritakeun telasna hiji lalaki, éta kajadianana aya di hiji tempat nya éta basisir Pangandaran.


Ahmad Bakri salaku panulis ieu novél, dilahirkeun di Rancah, Ciamis tanggal 11 Méi 1917. Taun 1937 kungsi nulis, tapi naskahna ditolak ku Balé Pustaka. Mimiti nulis deui taun 1963, dimuat dina sawatara majalah. Taun 1965 jeung

1966 meunang hadiah tina carita pondok nu dimuat dina majalah Manglé taun harita. Taun 1967 ngirimkeun naskah ka IKAPI Jawa Barat. Opat naskahna meunang hadiah pikeun bacaan barudak, rumaja, déwasa, jeung umum, nya éta *Kabandang ku Kuda Lumping, Nu Seungit Dipulang Asih, Rajapati di Pananjung, jeung Payung Butut*. Karangan-karangan Ahmad Bakri humoristis, seger tur dialog-dialogna hirup, nepi ka matak pogot dibacana.

3.2 Désain Panalungtikan

Rancangan atawa désain panalungtikan dina enas-enasna nya éta sakumna prosés pamikiran jeung panangtu ihwal nu bakal dilakukeun. Hartina, mangrupa dadasar kagiatan nu bakal dilaksanakeun sarta bisa dijadikeun dasar pangajén, boh ku panalungtik sorangan boh ku pihak lianna kana éta panalungtikan. Ku kituna, désain panalungtikan miboga tujuan pikeun méré tanggung jawab kana sakabéh léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun (Margono, 2010: 100).

Désain panalungtikan kudu disusun sacara sistematis dumasar pola nu tangtu luyu jeung lingkungan di mana panalungtik ngarencanakeun proyék panalungtikan. Léngkah-léngkah panalungtikan ti mimiti nepi ka ahir bisa katitén dina bagan ieu di handap.



3.1 Bagan Alur Panalungtikan

Dumasar bagan désain panalungtikan di luhur, yén prosés nu mimiti dilakukeun waktu ngayakeun panalungtikan nya éta: (1) milih masalah, (2) studi pustaka nya éta ulikan pustaka atawa néangan tiori-tiori nu aya patalina jeung objék panalungtikan, (3) ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) milih pamarekan, ngawengku (6-a) nangtukeun variabel jeung (6-b) nangtukeun sumber data. Diteruskeun ku (7) nangtukeun jeung nyusun instrumén, (8) ngumpulkeun data, ngawengku: (a) maca sagemblengna novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri, (b) nyirian data nu aya dina éta novél luyu jeung masalah anu baris dipedar, (c) kalimah nu geus dicirian terus disalin kana kartu data, nyusun kartu data sacara alfabétis, nyalin kalimah sacara pragmatis tina kartu data; (9) analisis data, data nu geus dikumpulkeun terus dipasing-pasing, dianalisis dumasar kana kalimah pragmatis ébréhan, ngadéskripsikeun data kalimah pragmatis ébréhan nu geus dianalisis; (10) nyieun kacindekan; jeung léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan dina wangun skripsi.

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif anu boga karep pikeun ngaréngséskeun masalah dumasar kana data-data, lian ti éta ogé méré data, nganalisis, jeung ngainterprétasi (Narbuko jeung Achmadi, 2009: 44). Tujuanna pikeun méré gambaran sacara sistematis, fakta anu akurat, jeung karakteristikna ngeunaan populasi atawa widang nu tangtu (Azwar, 2012: 7).

Dumasar pedaran di luhur, dina prak-prakanana méthode déskriptif lain ngan saukur ngumpulkeun jeung nyusun data, tapi ogé nganalisis jeung ngainterprétasi ngeunaan éta data. Dina ieu panalungtikan nu baris didéskripsikeun nya éta fungsi jeung wanda pragmatis kalimah ébréhan dina Novél *Rajapati di Pananjung* Karangan Ahmad Bakri.

3.4 Wangenan Operasional

Wangenan operasional miboga kalungguhana nu kacida pentingna, nya éta sangkan tujuan, maksud, sarta udaganana bisa kagambar kalawan écés tur jéntré

nepi ka teu nimbulkeun rupa-rupa tapsiran ngeunaan istilah anu patalina jeung judul panalungtikan. Di handap baris didadarkeun istilah-istilah atawa wangenan operasional nu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

- 1) Kalimah ébréhan nya éta kalimah anu fungsina pikeun ngébréhkeun sora bituna rasa panyatur anu sipatna husus, misalna waé ngarasa héran atawa hookeun ku hal-hal anu kaalaman, katénjo, kadéngé, atawa karasa.
- 2) Fungsi pragmatis kalimah nya éta patalina unsur basa jeung pamakéna dina kontéks nu tangtu, miboga rupa-rupa fungsi miwujud kecap atawa runtuyan kecap-kecap tur miboga ma'na, sarta nyoko kana ma'na kalimah disawang tina réspónsi nu dipiarep ku pamiarsa.
- 3) Wanda pragmatis kalimah nya éta rupa-rupa kalimah disawang tina polah ucap katut kecap pagawéan anu jadi caritaanana, saperti kalimah komisif, kalimah impositif, kalimah éksprésif, jeung kalimah asértif.
- 4) Novél *Rajapati di Pananjung* nya éta salah sahiji novél karangan Ahmad Bakri nu dijadikeun sumber data.

Jadi, nu dimaksud fungsi jeung wanda pragmatis kalimah ébréhan dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri nya éta nalungtik kalimah pragmatis ébréhan, fungsi, harti, ciri, jeung wanda pragmatis kalimah ébréhan.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanna leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis sangkan lewi babari diolah (Arikunto, 2010: 203).

Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Ukuran kartu data nu digunakeunna 11 x 14 cm. Dina kartu data aya alfabét, data kalimah, kode data (judul novél, kaca, paragraf, jeung jajaran). Jaba ti éta aya komponén analisis nya éta fungsi, harti, ciri, jeung wanda kalima pragmatis ébréhan. Conto kartu data saperti ieu di handap.

Sistem Kartu Data

E

“Euleuh, na seueur-seueur teuing ieu téh!?” (RdP/20/7/1)

- | | | |
|-----------|---|-------------------|
| a. Fungsi | : | Kalimah anteuran |
| b. Harti | : | kagét |
| c. Ciri | : | euleuh, na |
| d. Wanda | : | kalimah éksprésif |

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data panalungikan bisa dikumpulkeun ngaliwatan instrumén ngumpulkeun data, obsérvasi, atawa data dokuméntasi. Data nu kudu dikumpulkeun bisa waé mangrupa data primér, data sékundér, atawa duanana. Data primér dimeunangkeun tina sumber kahiji ngaliwatan prosédur jeung téhnik nyokot data nu bisa mangrupa wawancara, obsérvasi, atawa ngagunakeun instrumén pengukuran anu husus dirancang luyu jeung tujuan. Data sékundér dimeunangkeun tina data teu langsung nu bisa mangrupa data dokuméntasi jeung arsip-arsip resmi (Azwar, 2012: 36).

Dina ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Maca sagemblengna novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri;
- 2) Nyirian opat rupa kalimah pragmatis nu aya dina éta novél;
- 3) Kalimah nu geus dicirian terus disalin kana kartu data;
- 4) Nyusun kartu data sacara alfabétis;
- 5) Nyalin kalimah sacara pragmatis tina kartu data;
- 6) Masing-masingkeun kalimah sacara pragmatis dumasar kana wandana;

3.7 Téhnik Nganalisis Data

Hasil olahan data panalungtikan mangrupa salaku hiji cara ngaorganisasikeun data sangkan bisa dibaca (*readable*) jeung bisa dihartikeun (*interpretable*). Kagiatan ngolah data dimimitian ku tabulasi data kana tabél induk, klasifikasi data, analisis- analisis déskriptif, panalungtikan, jeung dipungkas ku nyindekkeun hasil analisis. Tabulasi nya éta prosés nyieun tabél induk anu ngawengku runtuyan

Erwita Novia Purwanti, 2013

Fungsi Jeung Wanda Pragmatis Kalimah Ébréhan Dina Novél *Rajapati Di Pananjung* Karangan Ahmad Bakri

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

data panalungtikan dumasar kana papasingan anu sistematis sangkan leuwih babari dianalisis. Luyuna téknik analisis jeung tujuan panalungtikan sarta kaayaan data leuwih penting ti batan méré angka-angka jeung tabél-tabél anu loba.

Dina nganalisis data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Data nu geus dikumpulkeun terus dipasing-pasing;
- 2) Data dianalisis dumasar kana kalimah pragmatis dina novél *Rajapati di Pananjung* karangan Ahmad Bakri;
- 3) Ngadéskripsikeun data kalimah pragmatis nu geus dianalisis;
- 4) Nyindekkeun data nu geus diolah.

